



Men 3 fason ou kapab vote yo nan Eleksyon Primè kap vin byento yo...

1. NAN BIWO VÒT OU NAN JOU ELEKSYON AN



Vote an pèsòn nan biwo vòt pa ou, soti nan 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. **nan Jou Eleksyon an ki se madi 4 jwen.** Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

Ale sou sit **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn biwo vòt pa ou, ki sou list biwo vòt lan ki make Polling Locations.

2. VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN



Qh Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki rejistre depoze bilten vòt yo **an pèsòn, sou yon machin pou vote, pandan yon peryòd senk jou ki vini avan Jou Eleksyon an.** Ou kapab chwazi pou ou vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè pa ou.

Kèlkeswa kote ou abite nan konte an, ou kapab vote bilten pou zòn pa ou nan nenpòt sit pou vòt antisipe an pèsòn yo ki deziyen pou **konte pa ou.** Jwenn sit ki nan konte pa ou sou sit **VOTE.NJ.GOV.**

Sit pou vòt antisipe an pèsòn yo pral louvri **mèkredi 29 me jiska dimanch 2 jwen.** Lè ouvèti yo pral **mekredi-samdi, 10:00 a.m. - 8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m. - 6:00 p.m.** Moun pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

3. VOTE NAN LAPÒST



Elektè yo ki rejistre kapab aplike pou resevwa yon **bilten pou vote-nan-lapòst** si yo swiv direktiv ki sou sit **VOTE.NJ.GOV** oswa si yo kontakte grefye konte an ki rele ann anglè County Clerk.

Lè fini, **VOTE** epi **RETOUNEN** bilten pa ou nan youn nan fason sa yo...

- **Bwat Depo Bilten Sekirize:** Depoze bilten pou vote-nan-lapòst ou nan youn nan bwat depo bilten sekirize yo avan lè 8:00 p.m. madi 4 jwen pase. Ou kapab jwenn lokal bwat depo yo sou sit **VOTE.NJ.GOV.**
- **Biwo Konsèy Eleksyon:** Depoze bilten pou vote-nan-lapòst ou an pèsòn nan biwo Konsèy Eleksyon nan konte ou avan lè 8:00 p.m. madi 4 jwen pase. Enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Eleksyon Konte yo disponib sou sit **VOTE.NJ.GOV.**
- **Nan Lapòst:** Bilten pou vote-nan-lapòst ou **DWE** genyen sou li mak postal ki montre ou voye li pou pi ta a **8:00 p.m. madi 3 jwen** epi se pou Konsèy Eleksyon nan konte ou an resevwa li pou pi ta nan dat lendi 10 jwen.

NÒT: Ou PA KAPAB retounen bilten pou vote-nan-lapòst ou nan sit pou vòt antisipe ni nan biwo vòt ou.

Pou plis enfòmasyon, gade seri Videyo Edikasyon Elektè an ki rele ann anglè Voter Education Video Series nan sit **Vote.NJ.gov** oswa skane isit.



Gouvènè Phil Murphy
Vis Gouvènè
Sekretè Deta Tahesha Way



1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov